



Lekòl Segondè Parkside 2022-2023



Bon Retou RAMFAM!

Se ak anpil plezi mwen akeyi ou nan ofisyèl **RAMFAM Reboot (Redemare)** pou ane lekòl 2022-2023 a. Nou kontan anpil pou nou akeyi tout elèv yo pou yo tounen nan bilding lan epi tout anplwaye yo te rechaje epi yo pare pou redemare yon pi bon ane ke nou poko janm genyen! Pandan ke mwen ap kòmanse dezyèm ane mwen kòm Direktèou, mwen vle remèsye w pou opòtinite ak privilèj pou mwen sèvi nan wòl sa a.

Mwen pwomèt angajman mwen ak devouman mwen an pou siksè tou le de anplwaye nou yo ak elèv yo. Vizyon mwen kontinye konsantre sou kreye yon kilti swen ak kominote kote elèv yo ak anplwaye yo ka pwospere. Mwen apresye fidbak kontinyèl ak sipò ou.

Tanpri li bilten ak pake sa a ak anpil atansyon paske gen anpil enfòmasyon esansyèl pou revize ak fòm pou ranpli epi retounen nan lekòl la. Yo voye tout pake a elektwonikman atravè School Messenger imèl, epi yo pral disponib sou sit entènèt nou an nan <https://www.wcboe.org/phs> as osi byen.

Kòmansman ane eskolè sa a pral bèl, men sa pral mande TOUT MOUN k ap travay ansanm sa a yon siksè pou tout moun. Nou Tout Ladan li ansanm!

Nap wè byento!

Direktè O'Barzky



Ctrl + Alt + RAM

Ki jan pou rete okouran!

Sit entènèt: <https://www.wcboe.org/phs>

Facebook: <https://www.facebook.com/wcboeph>

Paj Oryantasyon: <https://sites.google.com/wcboe.org/parksideguidance/home?authuser=0>

Instagram: <https://www.instagram.com/parksidehighrams/>

Lekòl # 410-677-5143

Koman elèv yo ta dwe prepare pou premye jou lekòl yo?

1. Pote yon sakado pou pote/pwoteje laptop ak chajè lekòl la bay. Laptop yo pral distribye 9/6 & 9/7.
2. Pote yon kaye ak yon bagay pou ou ekri (kreyon/plim).
3. Revize orè klas yo.
4. Siyen nan Salklas Google epi aksepte envitasyon pwofesè yo.
5. Revize manyèl elèv la. *Sonje **pa** gen chapo, hoods, pantalon sou tet dada, rad kout oswa ki ba. **Pa** gen telefòn selilè nan salklas yo.

Tout fòm ki nan pake sa a ka retounen nan Sware Retou Lekòl la pou le 1ye Septanm, -OSWA- yo ka retounen elektwonikman nan. parkside@wcboe.org

SWARE RETOU LEKOL- OUVETI KAY

1ye Septanm, 4:30-6:30 p.m.

- Remèt Kesyonè Sante ak Done Elèv yo ak Fòm Enskripsyon yo.
- Pran yon kopi sou papye orè kou elev la.
- Rankontre ak salye pwofesè yo, vizite bilding nan, epi jwenn klas ou yo.
- Jwenn plis enfòmasyon sou aktivite ki pa nan kourikoulòm (espò, klìb) ak resous kominote yo.

Depatman Konseye

Leslie Podlaszewski: Konseye 9yèm ane..... lpodlasze@wcboe.org
Cynthia Collins: Konseye pou elèv ki gen siyati A-F nan 10yèm-12yèm ccollins@wcboe.org
Erica Riggin: Konseye pou elèv ki gen non G-O nan 10yèm-12yèm..... eriggin@wcboe.org
Katie Griffin: Konseye pou elèv ki gen siyati P-Z nan 10yèm-12yèm kgriffin@wcboe.org
Joan Sprankle: Konseye Elèv..... jsprankl@wcboe.org
Tara Kearns: Travayè Sosyal Lekòl la..... tkearns@wcboe.org
Susan Maynard: Sekretè Konseye yo smaynard@wcboe.org

Ki sa ki nan Pake Retou Lekòl la?

Pake Papye Voye Pa Lapòs US Post:

- Bilten Akèy Direktè a
 - Done Elèv ak Fòm Enskripsyon (mizajou ak nenpòt chanjman epi retounen l lekòl la)
- Kesyonè Sante
- Fòm Sondaj/Rechèch Opt Out (soti ladanl)
- Enstriksyon pou gen Aksè ak Potal Fanmi yan

Pake Elektwonik Voye Pa Imel Messenger Lekòl la epi Afiche sou sitwèb PHS:

- **Tout atik ki anwo yo an PLIS:**
 - Lèt pou manje gratis ak redui (ak enfòmasyon sou aplikasyon sou entènèt)
 - Manyèl Elèv
 - Orè Klòch Jounalye
 - Kalandriye Lekòl la
 - Wout Otobis Lekòl yo
 - Meni pou Manje Midi Septanm
 - Kalandriye Evalyasyon 2022-2023
 - Fòm Notifikasyon AHERA
 - Enfòmasyon sou Plan Jesyon Asbetos
 - Piblisite Opt Out (pou soti ladan l)
 - Asirans Aksidan Elèv
 - Akò Prè Laptop, Gid Swen ak Itilizasyon, ak Etap pou Konekte
 - Fòm Otorizasyon Medikaman
 - Enfòmasyon sou egzamen fizik

Administrasyon

Leslie Tolley— Dwayen elèv yo (9yèm ane A-L; 504s; Pwogram ACC ak Pwogram ESOL)

ltolley@wcboe.org

Heather Sneeuwjagt— Dwayen Elèv yo (9yèm ane M-Z; Edikasyon Espesyal)

hsneeuwj@wcboe.org

Brian Briggs— Asist. Direktè (10yèm ane) ak Atletik

bbriggs@wcboe.org

Keith Bailey— Asist. Direktè (11yèm ane) & Etablisman

kebailey@wcboe.org

Billy Witte - Asist. Direktè (12yèm ane) & CTE

wwitte@wcboe.org

DAT ENPÒTAN

1ye Septanm— Sware pou Retou Lekòl 4:30-6:30 pm (10yèm-12yèm ane ka pran orè yo tou ant 12-3pm apre yo fin bay Fòm Done Elèv yo ak Kesyonè Sante)

2 Septanm— Orè yo ka wè nan Potal Fanmi yan

6 Septanm — Jounen Tranzisyon Freshman!
Premye jou pou Freshman (se sèlman elèv klas 9yèm ane ki pou premye fwa yo ale lekòl) ak distribisyon laptop nan klas 9yèm ane.

7 Septanm — Premye jou pou elèv 10yèm—12yèm. Laptop yo pral distribye nan jou sa a.

5 Oktòb— Rapò sou Pwogrè Mitan Tèm

20 Oktòb — Jounen Lekòl Ranvwa
Bonè pou elèv yo

21 Oktòb – Lekòl Fèmen

7 Novanm— Fen 1ye Tèm